



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Juwara Bakul Cilik

Juara Bakul Cilik



Penulis : R. Wusananta Rahardja
Ilustrator: Septama

B2



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Juwara Bakul Cilik

Juara Bakul Cilik

Penulis : R. Wusananta Rahardja
Ilustrator : Septama
Penerjemah: R. Wusananta Rahardja

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**JUWARA BAKUL CILIK
(JUARA BAKUL CILIK)**

Penulis : R. Wusananta Rahardja

Ilustrator : Septama

Penerjemah : R. Wusananta Rahardja

Penyunting : Tarti Khusnul Khotimah

Penata letak: Septama

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-194-969-1

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Segoe UI.
ii, 20 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.


Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Pak Tikno lagi wae ngumumake kabar sing gawe bungah.

Kabar kanggo kelas 4, 5, lan 6 SD Negeri Mijil.

Patang dina maneh arep dianakake kegiatan “Dina Pasar Bocah”.

Acara iki ajeg dianakake sekolah saben tahun.

Wektune sawise rampung ujian semester genep.

Bubar diumumake kahanan kelas dadi rame.

Pak Tikno menyampaikan pengumuman yang menggembirakan.

Pengumuman untuk kelas 4, 5, dan 6 SD Negeri Mijil.

Empat hari lagi akan diadakan kegiatan “Hari Pasar Anak.”

Kegiatan ini rutin diadakan oleh sekolah setiap tahun.

Pelaksanaannya setelah selesai ujian semester genap.

Usai diumumkan, keadaan kelas menjadi ramai.



Ana sing kepok-kepok, ana sing nabuh meja.

Ana sing gejug-gejug jubin lan sapanunggalane.

Waaaah ..., rame tenan kahanan kelas 4 wektu iku!

Ora let suwe Banu banjur ngacungke drijine.

“Barangipun arupi punapa, Pak Guru?” pitakon Banu.

“Bebas, sing penting panganan utawa jajanan,” wangsulane Pak Tikno.

Kabeh bocah sakelas katon bungah lan sumringah.

Kaya-kaya selak pengin dodolan wayah iku uga.

Ada yang bertepuk tangan, ada yang memukul-mukul meja.

Ada pula yang menghentak-hentakkan kaki ke lantai.

Waaaah ..., ramai sekali keadaan kelas 4 waktu itu!

Tidak lama kemudian Banu mengacungkan jari.

“Apa jenis barang yang dijual, Pak?” tanya Banu.

“Bebas, yang penting berwujud makanan atau jajanan,” jawab Pak Tikno.

Seisi kelas tampak gembira dan ceria.

Rasa-rasanya ingin segera berjualan hari itu juga.



Kurang sedina tumuju dina sing ditunggu-tunggu.

Pak Tikno mbaleni ngelingake bocah-bocah kelas 4 supaya padha tenanan anggone nyiapake dodolan.

“Sesuk bakal ketekan tamu spesial, aja sembrana, ya!”

“Sinten tamu spesialipun, Pak?” pitakone Rahma.

“Tamu spesiale saka pengawas Dinas Pendidikan,” wangsulane Pak Tikno.

“Pak Pengawas benjang mundhut mboten, nggih, Pak?” pitakone Seto.

“Bisa wae mundhut yen kepecut daganganmu!” wangsulane Pak Tikno.

Hari yang ditunggu-tunggu kurang sehari lagi.

Pak Tikno kembali mengingatkan agar anak-anak kelas 4 bersungguh-sungguh dalam menyiapkan jualannya.

“Besok akan ada tamu spesial, jadi ... jangan asal-asalan dalam berjualan, ya!”

“Siapa tamu spesialnya, Pak?” tanya Rahma.

“Tamu spesialnya adalah Pengawas Dinas Pendidikan,” jawab Pak Tikno.

“Apakah Pak Pengawas akan membeli jualan kita?” tanya Seto.

“Bisa saja beliau membeli jika tertarik dengan makanan yang kamu jual.”



Bocah-bocah tambah sumringah lan tambah gregete.

Banu, Rahma, Seto, lan Tinuk katon paling semangat.

Padha mbengok muni “Yes!” sinambi ngepelake tangane kanthi kenceng.

Barang apa sing arep didol isih dinggo wadi, aja ngangsi padha dingerteni liyane.

Sajake padha pengin gawe kejutan kanca-kancane.

Wah, bakal gayeng sesuk iki!

Anak-anak bertambah gembira dan bersemangat.

Banu, Rahma, Seto, dan Tinuk terlihat paling semangat.

Mereka berseru, “Yes!” seraya mengepalkan tangan.

Makanan yang akan dijual masih dirahasiakan, jangan sampai diketahui yang lain.

Sepertinya mereka ingin membuat kejutan untuk teman-temannya.

Wah, bakal seru besok!



Sedina sadurunge acara,
panitya nyiapake aula
sekolah.

Panityane yaiku bapak lan
ibu guru SD Negeri Mijil.

Para karyawan kalebu Pak
Bon uga melu ngrewangi.

Aula sekolah wis katon
resik. Meja-meja wis
temata kanggo dodolan
para bakul cilik.

Tulisan “Sugeng Rawuh
Para Tamu Undangan”
uga dipasang.

Wah, kaya-kaya ana ing
ruang prasmanan wae!

Sehari sebelum acara,
panitia menyiapkan aula
sekolah.

Mereka adalah bapak dan
ibu guru SD Negeri Mijil.

Para karyawan dan Pak Bon
juga turut membantu.

Aula sekolah terlihat bersih.
Meja-meja tempat berjualan
tertata rapi.

Tulisan “Selamat Datang
para Tamu Undangan” juga
dipasang.

Wah, bagaikan ruang
perjamuan makan saja!

SELAMAT DATANG
PARA TAMU UNDANGAN



Saiki wis tekan dina sing diantu-antu.

Bakul-bakul cilik pada mruput budhal sekolah.

Ana sing teka jam enem, ana uga sing setengah pitu.

Satenane acara diwiwiti jam wolu esuk.

Pawadane werna-werna.

Ana sing ben bisa milih panggonan kepenak.

Ana uga sing butuh nata-nata piranti dodolane dhisik.

Hari yang ditunggu-tunggu pun telah tiba.

Bakul-bakul cilik berangkat sepagi mungkin ke sekolah.

Ada yang datang pukul enam, ada pula yang setengah tujuh.

Padahal, acara dimulai pukul delapan.

Alasan mereka bermacam-macam.

Ada yang ingin dapat memilih tempat yang nyaman.

Ada juga yang ingin agar dapat segera menata jualannya.



Para panitia sibuk ngayahi jebahane dhewe-dhewe.

Ana sing nata acara, ana sing bageyan sarana.

Ana uga sing bageyan among tamu.

Kabeh padha nindakake kuwajibane kanthi tanggung jawab.

Dene bakul-bakul cilik kesibukane beda maneh.

Kabeh padha nata dodolane kanthi sakapik-apike.

Supaya para tamu lan wong sing arep tuku padha kepengut.

Panitia sibuk mengerjakan tugas masing-masing.

Ada yang bertugas di bagian acara, ada yang di bagian sarana.

Ada pula yang bertugas sebagai penerima tamu.

Semua mengerjakan tugas dengan penuh tanggung jawab.

Sementara itu, bakul-bakul cilik berbeda kesibukannya.

Mereka menyiapkan barang jualan sebagus mungkin.

Harapannya, para tamu dan pembeli tertarik untuk datang dan membeli.



Jam wolu *thet*, acara diwiwiti.

Pranata acara wiwit maca reroncening acara.

Bubar pambuka nuli pangandikan-pangandikan, banjur wosing acara inti.

Kabeh dodolan arep dipirsani, dicicipi, lan dibiji para juri.

Malah ana uga pitakon-pitakon kang kudu diwangsulni dening bakul cilik.

Kalebu alesane bakul cilik milih jenis dodolan uga dibiji.

Sing lancar anggone mangsulni lan dodolane temata apik bakal juwara.

Jam delapan tepat acara dimulai.

Pewara mulai membacakan susunan acara.

Setelah pembukaan dan sambutan, acara inti dimulai.

Semua jualan akan diamati, dicicipi, dan dinilai oleh para juri.

Para juri juga akan mengajukan pertanyaan yang harus dijawab oleh bakul-bakul cilik.

Termasuk alasan bakul-bakul cilik memilih jenis makanan yang dijual.

Yang lancar menjawab dan jualannya tertata dengan baik bakal menjadi juara.



Banu dodol piza warna-warna jenis *topping*-e.

Ana sing *topping* sosis, daging sapi, lan daging ayam.

Rahma dodol panganan favorit-e, yaiku dimsum. Panganan populer iki asale saka negara Tiongkok.

Seto dodol siomai, cilok, lan batagor. Ora lali deweke uga nyepakake saus, sambel, lan kecap.

Banu menjual piza dengan aneka jenis *topping*.

Ada yang ber-*topping* sosis, daging sapi, dan ada juga daging ayam.

Rahma berjualan makanan favoritnya, yaiku dimsum. Makanan populer ini berasal dari negara Tiongkok.

Seto menjual siomai, cilok, dan batagor. Tak lupa ia siapkan juga saus, sambel dan kecap sebagai pelengkap makan.



Yen Tinuk beda meneh. Dheweke dodol panganan saka Italia, yaiku spageti, panganan sing kondang sak donya.

Umume sing seneng panganan mengkana bocah-bocah enom.

Rumangsane, gengsine bisa mundhak yen bisa dodolan panganan utawa jajanan modern sing asale saka negara manca.

Dene sing dodol panganan tradhisional uga ana, nanging mung sethitik.

Kang dodol bisa dietung nganggo driji, ora nganti tekan sepuluh.

Lain halnya dengan Tinuk. Ia berjualan makanan yang asalnya dari Italia, yaitu spageti. Makanan itu sudah terkenal di dunia.

Biasanya yang suka makanan itu adalah anak-anak muda.

Bagi mereka jika bisa berjualan jajanan modern yang berasal dari mancanegara, gengsinya akan meningkat.

Adapun yang menjual makanan tradisional hanya sedikit.

Jumlahnya bisa dihitung, tidak sampai sepuluh orang.



Siti dodol gudheg komplit sak uba rampene.

Bagas dodol jenang sunsum lan dawet.

Dene Prapti dodol jadah lan tempe bacem.

Kabeh dodolan ditata apik dening bakul cilik.

Wadhaha uga warna-warna, ana sing mika, kerdhus, uga godhong.

Kabeh mau gumantung jenis barange.

Babagan rega uga wis dipathok supaya ora kelarangan.

Siti menjual gudeg lengkap dengan lauk pauknya.

Bagas menjual jenang sumsum dan dawet.

Prapti menjual jadah dan tempe bacem.

Semua barang jualan ditata rapi oleh para bakul cilik.

Kemasannya bermacam-macam, ada yang dibungkus mika, kardus, dan ada pula yang dibungkus daun.

Semua itu bergantung jenis barang dan kepantasannya.

Masalah harga sudah ditentukan agar tidak terlalu mahal.



Pak Suradi, Kepala Sekolah SD Negeri Mijil, ngawal Pak Pengawas.

Piyambake mirsani siji mbaka siji barang dagangane para bakul cilik.

Piyambake tliti banget anggone mirsani barang, ngicipi, uga mundhut.

Para tamu tansah mesem bungah lan sumringah.

Jumlahe bakul cilik kabeh ana sewidak.

Dene panukune siswa kelas 1, 2, lan 3 ditambah tamu, uga panitya (bapak lan ibu guru).

Pak Suradi, Kepala Sekolah SD Negeri Mijil, mengawal Pak Pengawas.

Mereka melihat satu persatu makanan yang dijual bakul-bakul cilik.

Teliti sekali mereka mengamati, mencicipi, dan juga membeli.

Tamu-tamu terlihat ramah dan murah senyum.

Jumlah bakul cilik ada enam puluh.

Pembelinya adalah siswa kelas 1, 2, dan 3, ditambah tamu, serta panitia (bapak dan ibu guru).



Rampung mbiji, para juri banjur pada pinarak ana ing ruwang kepala sekolah.

Kabeh ngumpul saperlu ngrembug lan mutusake sapa juwarane.

Juwarane yaiku bakul cilik sing dodolane enak lan pinter tawa.

Kejaba iku, dheweke uga andhap asor, ngerti, lan duwe alesan milih barang dagangane.

Selesai menilai, para juri berkumpul di ruang kepala sekolah.

Mereka berembuk untuk memutuskan siapa yang menjadi juara.

Yang dipilih adalah bakul cilik yang barang dagangannya enak dan pandai menawarkan.

Selain itu, ia juga sopan, paham, dan mempunyai alasan memilih barang dagangannya.



Kurang luwih setengah jam juri rembugan.

Pak Suradi, ketua panitia, metu saka ruwang kepala sekolah.

Piyambake banjur munggah ana ing panggung.

Piyambake ngumumake sapa sing dadi juara Bakul Cilik tahun iki.

Kanthi ngucap syukur, panitia mutusake “Juwara Bakul Cilik” tahun iki, yaiku ...

Siswa kelas 4 sing dina iki dodolan...

Kurang lebih setengah jam juri berembuk.

Ketua panitia, Pak Suradi, keluar dari ruang kepala sekolah.

Kemudian, beliau naik ke panggung.

Beliau mengumumkan juara Bakul Cilik tahun ini.

Dengan mengucap syukur, panitia memutuskan

“Juara Bakul Cilik” tahun ini adalah ...

Siswa kelas 4 yang hari ini berjualan ...



Jajanan tradisional “Jadah lan Tempe Bacem!”

Bakul cilik kang nduweni jeneng Prapti Mulatsih katon bungah.

Dheweke maju ana ing panggung saperlu nampa bebungah.

Bebungahe arupa piala, kadho gedhe, uga amplop.

Prapti bungah banget. Dheweke bola-bali ngucap syukur *Alhamdulillah*.

Kanca-kancane padha keplok-keplok melu bungah.

Nanging, ana uga sing katon kuciwa amarga ora juwara.

Jajanan tradisional “Jadah dan Tempe Bacem”!

Bakul cilik yang memiliki nama Prapti Mulatsih tampak bahagia.

Ia segera naik ke panggung untuk menerima hadiah.

Hadiah tersebut berupa piala, kado besar, dan amplop.

Prapti senang sekali. Ia berulang-ulang mengucapkan syukur *Alhamdulillah*.

Teman-temannya bersorak-sorai ikut senang.

Namun, ada juga yang terlihat kecewa karena tidak menjadi juara.



Sawise nampa bebungah,
Prapti banjur diwawancara.

Pitakonane babagan jajanan
sing didol ing Pasar Bocah
dina kuwi.

Amarga persiapane mateng,
Prapti bisa njawab kanthi
lancar.

Pitakon sepisanan babagan
alesane milih dodol jadah
lan tempe.

Prapti mangsuli menawa
jadah tempe kuwi sawijining
panganan tradhisional asli
Ngayogyakarta.

Panganan iki perlu
dilestarekake.

Rasane enak amarga jadahe
gurih ketemu tempe sing
legit.

Setelah menerima hadiah,
Prapti diwawancara.

Wawancara tersebut tentang
makanan yang ia jual di
Pasar Bocah hari itu.

Karena persiapannya
matang, Prapti dapat
menjawab dengan lancar.

Pertanyaan pertama tentang
alasan mengapa ia memilih
menjual jadah dan tempe.

Prapti menjawab bahwa
jadah tempe adalah
makanan tradisional asli
Yogyakarta.

Makanan ini perlu
dilestarikan.

Rasanya enak karena jadah
gurih berpadu dengan tempe
yang legit.



Saiki Prapti njlentrehake
maknane jadah lan tempe.
Jadah kuwi jajanan sing yen
dicekel pliket.

Jadah banjur disandhingake
utawa ditemplekake karo
tempe bacem.

Tegese, yen sawung kudu
bisa nyawiji, rukun, lan
migunani tumrap liyan.

Selanjutnya, Prapti
menjelaskan makna yang
terkandung dalam jadah dan
tempe.

Jadah adalah makanan yang
jika dipegang lengket.

Kemudian, jadah
dipasangkan dengan tempe
bacem.

Artinya, jika berteman harus
bisa menyatu, rukun, dan
bermanfaat bagi sesama.



“Rukun agawe santosa,
crah agawe bubrah.”

Prapti mungkasi
katrangane kanthi
semangat.

Prapti ngajak kanca-
kancane supaya nresnani
jajanan tradhisional.

Jajanan tradhisional kalebu
warisan leluhur sing patut
dilestarekake.

“Bersatu kita teguh,
bercerai kita runtuh.”

Prapti mengakhiri
penjelasan dengan penuh
semangat.

Prapti mengajak teman-
temannya untuk mencintai
jajanan tradisional.

Jajanan tradisional adalah
warisan leluhur yang patut
dilestarikan.



Prapti mudhun saka panggung banjur marani meja dodolane.

Tambah sing kanggo dodolan jadah tempe wis kothong.

Dagangane laris manis.

Nanging, dheweke banjur kelingan.

Dheweke isih nyimpen jadah cacahé wolu.

Prapti mlaku marani omah sing ana ing mburi sekolahane.

Jadah mau dicaosake Pak Bon kanggo keluwargane.

Prapti turun dari panggung lalu menuju mejanya.

Tambah tempat jualan jadah tempe sudah kosong.

Dagangannya laris manis.

Namun, tiba-tiba ia teringat.

Ia masih menyimpan delapan jadah.

Prapti berjalan menuju rumah yang ada di belakang sekolah.

Jadah itu diberikan kepada Pak Bon untuk keluarganya.



Biodata

Penulis dan Penerjemah

R. Wusananta Rahardja lahir di Pekalongan pada 9 November 1968. Penulis merupakan seorang guru sekolah dasar. Ia beralamat di Pulerejo RT 02, RW 01 Bokoharjo, Prambanan, Sleman, DI Yogyakarta. Penulis dapat dihubungi melalui nomor telepon 081914946256.

Illustrator

Septama, ilustrator kelahiran Yogyakarta ini suka menggambar sejak SD, lalu belajar menggambar dan desain di jenjang D2 Desain Komunikasi Visual di PPKP UNY. Pernah bekerja di penerbit buku PT. Intan Pariwara dan PT CAP. Ilustrator yang memiliki nama alias Sibhe ini, sekarang bekerja di Penerbit Buku Forum Edukasi. Ilustrator juga aktif di media sosial Instagram @bherocknrollan dan Tik-tok @kakcoratcoret.

Penyunting

Tarti Khusnul Khotimah, lahir dan tinggal di Sleman, DIY. Sejak tahun 2005 hingga sekarang bekerja di Balai Bahasa Provinsi DIY. Kompetensi dasar bidang kebahasaan dan kesastraan ditempa di Fakultas Ilmu Budaya, UGM (S-1) dan Fakultas Bahasa, Seni, dan Budaya, UNY (S-2). Aktivitas yang dikerjakannya, antara lain, menyuluh dan menyunting esai, artikel, dan cerpen. Beberapa karya cerita anak terpublikasi di media massa. Korespondensi dapat dilakukan melalui posel tarti.khusnul.k@gmail.com.

MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Suatu hari, Pak Tikno mengumumkan pelaksanaan acara Hari Pasar Anak. Sehari menjelang acara, para guru dan karyawan mempersiapkan tempat. Di hari pelaksanaan, para siswa antusias dengan hadir awal. Banyak yang menjual makanan Barat daripada menjual makanan tradisional. Siapakah juara pertama dari acara Hari Pasar Anak ini? Yuk, simak kelanjutan cerita dalam kisah Juwara Bakul Cilik.

ISBN 978-623-194-969-1 (PDF)



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023